# IJTIMOIY-GUMANITAR SOHADA ILMIY-INNOVATSION TADQIQOTLAR

ILMIY METODIK JURNALI





**VOL.3 № 1** **2026**

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ JAĞDAYÍNDA JOQARÍ TÁLIMDE GENDER TEŃLIGI TÁLIMDE

**Yesbergenova Svetlana Xojakmetovna**
Nókis mámleketlik texnika universiteti,tariyx pánleri kandidatı
**Ilyasov Ziynat Azamatovich**
No'kis ma'mleketlik texnika universiteti,student

**Annotaciya.**

Bul maqalada Ózbekistan Respublikasınıń gender teńligin támiyinlew boyınsha ámelge asırıp atırǵan is-ilajlarınıń Qaraqalpaqstan Respublikasında joqarı tálimdi rawajlandırıwda tutqan ornı, bakalavr hám magistr tálim baǵdarlarında hayal qızlar úlesin kóteriw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-ilajlar, olardıń tálim alıwında qolaylı shórayat jaratıw maqsetinde jaratıp atırǵan qolaylıqlar haqqında sóz etiledi.

**Gilt sózler:** Gender teńligi, statistika, joqarı oqıw orınları, hayal-qızlar, tálim, bakalavr, magistratura

# GENDER EQUALITY IN HIGHER EDUCATION IN THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN

**Yesbergenova Svetlana Xojakmetovna**
Lecturer, Candidate of Historical Sciences, Department of Languages and Humanities, Nukus State Technical University, alpamys04@mail.ru
**Ilyasov Ziynat Azamatovich**
Nukus State Technical University, Faculty of "Engineering Technologies and Economics, 2nd year bachelor's degree in Economics", ziynatilyasov2006@gmail.com

**Annotation.**

This article discusses the role of the Republic of Uzbekistan's measures to ensure gender equality in the development of higher education in the Republic of Karakalpakstan, the measures being taken to increase the proportion of women in bachelor's and master's programs, and the opportunities being created to create favorable conditions for their education.

**Keywords:** Gender equality, statistics, universities, women, education, bachelor, master.

# ГЕНДЕРНОЕ РАВЕНСТВО В ВЫСШЕМ ОБРАЗОВАНИИ В РЕСПУБЛИКЕ КАРАКАЛПАКСТАН

**Есбергенова Светлана Хожакметовна**
Нукусскый государственный техническый университет, кандидат исторических наук
**Ильясов Зийнат Азаматович**
Нукусский государственный технический университет,студент

**Аннотация.**

В данной статье рассказывается о роли мер, принимаемых Республикой Узбекистан по обеспечению гендерного равенства в развитии высшего образования в Республике Каракалпакстан, о мерах, принимаемых по повышению доли женщин в программах бакалавриата и магистратуры, а также об удобствах, создаваемых для создания благоприятных условий для их образования.

**Ключевые слова:** Гендерное равенство, статистика, вузы, женщины, образование,

бакалавр, магистратура.

Respublikamızda ámelge asırılıp atırǵan tálim reformalarınıń eń áhmiyetli baǵdarlarınan biri-bul hayal-qızlar tálimi hám olardıń joqarı maǵlıwmatlı kadr bolıwı, jámiyettiń bir aǵzası bolıp qalmastan, al onıń eń áhmiyetli aǵzalarınan biri bolıwı bolıp esaplanadı. Bul processte ásirese JOOlar hayal-qızlar tálimi, ilmiy jańalıqlardı jaratıwında eń áhmiyetli faktor hám buwnnlardan biri esaplanadı. Sol sebepli húkimetimizdiń reformalarınıń bir bólegi áyne joqarı tálim alıq processin jaratıw, joqarı tálimde jeke sektor tartıw arqalı básekini jaratıw hám bul arqalı tálim sapasın attırıw sıyaqlı is-ilajlar óz aldına áhmiyetke iye.

Ózbekistan Respublikasında songı 5-jıllıq maǵlıwmatlar analizlengende tálim tarawında ámelge asırılıp atırǵan siyasatında bir qansha kemshilik hám jetiskenlikleri kózge taslanadı. Atap aytqanda Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında hayal -qızlar tálimin rawajlanıwındaǵı is-ilajlar úlken áhmyetke iye. Hayal qızlar hám erkekler ushın teń imkaniyatlar kepillew haqqındaǵı" hayal qızlar tálimin rawajlandırıw hám olardıń tálim alıwına sharayat jaratıwda hújjeti hám olardıń huqıqların qorǵawda tiykarǵı nızam hújjeti esaplanadı. Bul nızamdıń orınlanıwın támiyinlewde Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 18-iyuldegi PQ-323-sanlı qararı qabıl etilgen bolıp, ol hayal-qızlarǵa jeńilitilgen kredit beriwin támiyinlewdi názerdi tutadı. Qarar tiykarınan tálew shártnama tiykarında oqıwǵa kirgenler ushın ámel etedi hám ol bakalavr tálimin juwmaqlanǵanan soń 7inshi aydan baslap qaytarıladı. Bunda usı qarardıń orınlanıwın támiyinlew hám banklerdiń kredit ajnratnwın támiyinlew maqsetinde Ózbekistan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 3-iyundaǵı 338-san qararı qabıl etilgen.

Joqarıda keltirilgen tiykarında biz Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında jaylasqan bir qansha Joqarı oqıw orınların analizlgenimide gender teńligin támiyinlewde ámelge asırılǵan jumıslardıń bir qansha nátiyje bergenligi hám elede rawajlandırılıwı kerek ekenligi kózge taslanbaqta:

1-keste.

| Qaraqalpaqstan mámleketlik universiteti(QMU) | | | |
|---|---|---|---|
| | Ulıwma student sanı | Hayal-qızlar | Hayal-qızlardıń úlesi (procentte ) |
| Bakalavr | 25846 | 13226 | 51,17 |
| 30 jasqa shekem | 23615 | 12344 | 52,27 |
| 30 jastan úlken | 2231 | 882 | 39,53 |
| Magistratura | 1321 | 997 | 75,47 |
| 30 jasqa shekem | 1179 | 883 | 74,89 |
| 30 jastan úlken | 142 | 114 | 80,28 |

Joqarıda kórsetilgen maǵlıwmatlardı analiz etetuǵın bolsaq QMU da tálim alıwshılardıń 50% ten kóbirek bólimi tiykarınan hayal-qılarǵa tuwra keledi. Bul quwanıshlı jaǵday bolıwına qaramastan, 30 jastan úlken bakalavr tálimindegi student hayal qızlar sanı shama menen 40% bólegi ǵana hayal qızlar ekeni jaratılıp atırǵan qolaylıqlardıń elede keń jámiyetshilikke túsindiriliwi zárúrligin kórsetedi hám olardıń tálim alıwına mámleketlik dárejede áhmiyet beriwdi talap etedi. QMUda magistratura tálim baǵdarında hayal qızlar sanın analiz etkenimizde biz bir qansha quwanıshlı nátiyjelerge eriskenimizdi kóriwimiz múmkin.

2-keste

| Qaraqalpaqstan medicina institutı | | | |
|---|---|---|---|
| | Ulıwma student sanı | Hayal-qızlar | Hayal-qızlardıń úlesi(procentte) |
| Bakalavr | 2951 | 1900 | 64,38 |
| 30 jasqa shekem | 2918 | 1869 | 64,05 |
| 30 jastan úlken | 33 | 31 | 93,94 |
| Magistratura | 33 | 29 | 87,88 |
| 30 jasqa shekem | 30 | 26 | 86,67 |
| 30 jastan úlken | 3 | 3 | 100 |

.

Qaraqalapstan Medicina institutın analiz etilgendede Hayal-qızlar úlesiniń bir qansha joqarı ekenligi gúwası bolamız. Bakalavr tálim bağdarında shama menen 64% hám magistradurada derlik 88% i hayal-qızlar quraydı. Statistikanı tereńnen izertlerp qarasaq 30 jastan asqan hayallar bakalavr tálim bağdarında shama menen 94% yamasa derlik 100% hám magistraturada bolsa 100%ti quraydı. Bunday joqarı kórsetkishlerdiń tiykarğı faktorı sıpatında qızlardıń jaslayınan medicina tarawı bolğan qızığıwın kórsetip óte alamız. Joqarıda kórgenimizdey bir qansha JOOlarda hayal-qızlar úlesi artqanı menen onıń elede tolıq óz nátiyje bermegenin tómendegi statistika arqalı biliwimiz múmkin:

3-keste

| Nókis mámleketlik texnika universiteti | | | |
|---|---|---|---|
| | Ulıwma student sanı | Hayal-qızlar | Hayal-qızlardıń úlesi (procentte) |
| Bakalavr | 5990 | 1492 | 24,91 |
| 30 jasqa shekem | 5248 | 1293 | 24,64 |
| 30 jastan úlken | 742 | 199 | 26,82 |
| Magistratura | 103 | 58 | 56,31 |
| 30 jasqa shekem | 97 | 54 | 55,67 |
| 30 jastan úlken | 6 | 4 | 66,67 |

Bul statistik mağlıwmatlardı analizlew tiykarında tómendegiler málim boladı:

1. Texnika tarawında tálim alıwshı qızlar úlesi bir qansha tómen
2. Texnika tarawńnda 30 jasqa shekemgiler úlesi joqarı hóm olardıń tiykarğı bólimi erkekler

Basqa JOOlar qatarı magistratura tálim bağdarında bolsa gender teńligi jağdayı támiyinlengenligi bir qansha ayqın kózge taslanadı hám statistikağa tiykarlansaq sham menen 56% adam tiykarınan hayal-qızlar esaplanadı. Bakalavr tálim bağdarında geńder teńligin támiyinlewde jeńiletilgen kredit tiykarğı rol oynağan hám hámme JOOlarda óz nátiyjesin tolıq nermegen. Magistratura tálim bağdarında bolsa tólew-shártnama tiykarında kirgen hayal-qızlardı qollap-quwatlaw ushın eger olar tólew-shártnama tiykarda magistraturağa usınılğan bolsa kontrakt summaları mámleket tárepinen tolıq qaplap beriliwi úlken áhmiyetke iye. Joqarıda keltirilgen mağlıwmatlardı ulıwma birlestiriw tiykarında tómendegi nátiyjege iye bolamız:

4-keste

| | Ulıwma student sanı | Hayal-qızlar | Hayal-qızlardıń úlesi (procentte) |
|---|---|---|---|
| Bakalavr | 34787 | 16618 | 47,77 |
| 30 jasqa shekem | 31781 | 15506 | 48,79 |
| 30 jastan úlken | 3006 | 1112 | 36,99 |
| Magistratura | 1457 | 1084 | 74,4 |
| 30 jasqa shekem | 1306 | 963 | 73,74 |
| 30 jastan úlken | 151 | 121 | 80,13 |

Bul statistikalıq maǵlıwmatlar boyınsha bakalavr tálim baǵdarında tálim alıwshń hayal-qızlar sanı tómenligi málim boladı. Madgistratura tálim baǵdarında bolda derlik hár 4 adamnan 3ewi hayal-qızlar bolıp, bul mámleketimizdiń hayal-qızlardıń ilmiy izertlewler menen shuǵıllanıwı ushın jaratqan imkaniyatlarınıń ayqın dálili bolıp tabıladı. Ózbekstan kóleminde kórsetkishler sezilerli parıq etedi. Bakalavr tálim baǵdarında tálim alıwshı studentlerdiń 862 mıńı yamasa derlik 54% hám hám magistraturada tálńim alıwshılardıń 41289i yamasa 66% tiykarınan hayal qızlar esaplanadı. Biz Evropa mámleketlerin analizlegenimizde, 2023-jılda Evropa mámleketlerinde 18822,8 mıń student bolsa sonnan 10313,1 mıńı yamasa 55%ti haya-qızlar esaplanadı. Bul maǵlıwlardı analizlew toykarında hayal-qızlardıń joqarı tálimdegi ulıwma salmaǵı ortasha 54-55% ekenligi kózge ayqın taslanadı. Taǵıda eń áhmiyetli tárеplerinen biri bul Ózbekstan káleminde hayal qızlardıń bakalavrda úlesi joqarı bolǵanı menen magistraturada hayal-qızlar úlesi Qaraqalpaqstanda júda joqarı bolıp, Qaraqalpaqstanda 80% bolsa Ózbekstan kóleminde bul barı joǵı 66%. Bunday joqarı kósetkishke bir qansha faktorlar tásir kórsetedi.

1. Qaraqalpaqstanda ámelge asırılıp atırǵan regionallıq siyasat
2. Ózbekstan basqa aymaqlarında hayal-qızlardıń erte turmıs jası
3. Qaraqalpaqstanda ámelge asırılıp atırǵan social-ekonomikalıq reformalar

**IV. Juwmaq**

Juwmaqlap aytqanda bul maqalada Qaraqalpaqstanda hayal qızlar tálimine bolǵan itibar statistikalıq analizlengen bolıp tabıladı. Bunda Ózbekstanda tálimge bolǵan itibar tiykarınan Qaraqalpaqstan aymaǵında jaylasqan bir qansha JOOlardıń óz ara salıstırmalı statistikalıq analizi hám magistraturada hayal-qızlar tálimine bolǵan real itibar esaplanadı. Ulıwma juwmaqlaytuǵım nolsaq ulıwma kálemde hayal-qızlar úlesi derlik teń bolsada, usı siyasattıń tiykarǵı baǵdarı anıq pánler, texnika, IT tarawlarında elehe shekem bul oǵada tómen ekenligi belgili boladı. Demek gender teńligi siyastınıń elege shekem jámiyetimizde aktuallıǵı boyınsha basqa tarawlar menen bir qatarda degen juwmaqqa kelemiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. ÓRQ-562-san, 02.09.2022 ”Hayal qızlar hám erkekler ushın teń imkaniyatlar kepillew haqqındaǵı” Nızamı.
2. Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 18-iyuldegi PQ-323-sanlı qararı.
3. Ózbekistan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 3-iyundaǵı 338-san qararı.
4. Ózbekistan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 15-avgusttaǵı 447-san qararı.
5. https://student.nukusstu.uz/stat
6. https://student.karsu.uz/stat

7. https://student.kkmi.uz/stat
8. https://stat.edu.uz/students
9. https://ec.europa.eu/eurostat/statistics-explained/index.php?title=Tertiary_education_statistics